**O’ZBEKİSTAN RESPUBLİKASI JOQARG’I HA’M ORTA ARNAWLI BİLİMLENDİRİW MİNİSTİRLİGİ**

**Berdaq atındag’ı**
**QARAQALPAQ MA’MLEKETLİK UNİVERSİTETİ**

**FİZİKALIQ HA’M KOLLOİDLIQ XİMİYa KAFEDRASI**

**ATAMURATOVA AYGUL ORINBAEVNANIN’**
5440400 ximiya ta’lim bag’darı boyınsha bakalavr da’rejesin alıw ushın

# «Okisleniw - qa’lpine keliw protsesleri» temasin u’yreniwde ilgeri pedagogik texnologiya usılların qollanıw

temasındag’ı

# PİTKERİW QA’NİGELİK JUMISI

İlimiy basshı:
Fizikalıq h’a’m kolloid ximiya
kafedrası dotsenti. x.i.k. **M. Sh. Djumamuratova**

Fizikalıq h’a’m kolloid ximiya
kafedra baslıg’ı, x.i.k. **A. J Pirniyazov**

**No’kis – 2014**

## Mazmunı


| | |
|---|---|
| **Kirisiw**………………………………………………………………… | 3 |
| **I bap. Ximiyanı oqıtıw sistemasında «Okisleniw - qa'lpine keliw protsesleri» temasının' mazmunı h'a'm strukturası.**<br>I.1. Okisleniw - qa'lpine keliw protseslerin xarakterleytug'ın tiykarg'ı tu'sinikler……………………………………………………………… | 5 |
| I.2. Okisleniw - qa'lpine keliw protseslerin o'tiw algoritmi …………...….. | 13 |
| 1.3.O'kisleniw - qa'lpine keliw protsesslerdin' texnikada roli…………..… | 14 |
| **II bap. A'meliy ko'nlikpelerdi qa'liplestiriwde psixologiya – pedagogika metodların paydalanıw.**<br>II.1 Oqıtıwdın' psixologik h'a'm pedagogik tiykarları……………...…… | 18 |
| II.2.Problemalıq lektsiyanın' okisleniw - qa'lpine keliw tu'siniklerin qa'liplestiriwdegi ornı …………………………………………………… | 20 |
| II.3. Oqıwshılardı aktivlendiriwde seminar, diskussion formadag'ı sabaqlıqlardın' ornı……………………….……………………………….. | 25 |
| **III bap. Pedagogik texnologiya usılların paydalanıw na'tiyjelerin anıqlaw.**<br>III.1. Bilimdi o'zlestiriwdin' o'nimdarlıg'ın anıqlaw…………………..…. | 34 |
| III. 2. Pedagogika – texnologiya metodları tiykarında oqıwshının' bilimin bah'alaw……………………………………………………………….…. | 36 |
| **IV bap. Pedagogik usıllardı qollanıw tiykarında «Okisleniw - qa'lpine keliw protsesleri» temasın u'yreniwde bir qansha ko'rsetpeler**……..…. | 39 |
| **Juwmaqlaw**……………………………………………………………… | 44 |
| **Paydalanılg'an a'debiyatlar**……………………………………...…. | 46 |

# Kirisiw

**Jumıstın' aktuallıg'ı.**

O'zbekistan Respublikasi g'arezsizlikke erisiwinen da'slepki qa'demlerinen baslap-aq puqaralardin' bilim aliwg'a konstitutsiyaliq huqiqin qanaatlandiriw, bilimlendiriw strukturalarin bunnan bilayda jetilistiriw, bilimlendiriw ha'm ta'rbiya beriwdin' barliq formalari menen xaliqti qamtiw, sonin' ishinde bilimlendiriwdin' barliq tarawlari menen subiektlerin informatsiya menen ta'miyinlew ma'selelerine u'lken diqqat qaratilip atir [1] .

«Bilimlendiriw h'aqqındag'ı» Nızamı h'a'm «Kadrlar tayarlaw milliy bag'darlaması» tiykarında bilimlendiriw tarawında tu'pkilikli reformalar ju'rgizilip atırg'an respublikalıq joqarı h'a'm orta arnawlı oqıw orınları, ashıq ekonomika sharayatlarında o'zinin' iskerligin jer ju'zlik jetiskenlikler menen salıstırıp otırıwg'a ma'jbu'r. Biz aldımızg'a qanday wazıypa qoymayıq, qanday mashqalanı sheshpeyik, en' aqırında barlıg'ı kadrlarg'a barıp taqaladı .

Prezidentimiz İ.A.Karimov: «…mekteplerde o'tiletug'ın pa'nler boyınsha qolda bar normativlerdi anıqlap u'yrenip shıg'ıw, ayırım jerlerin alıw h'a'm kerek emesliginen tolıq bas tartıw tiyis, sebebi mug'allim bilimlendiriw sapasının' xızmetkeri» h'a'm sonın' menen qatar pedagogik texnologiya usıllırı - bilim beriw h'a'm o'zlestiriw metodların jaratıw, qollaw, bar imkaniyatlardan paydalanıp birden bir sistemag'a keltiriw, bilimdi o'zlestiriwdin' en' maqul protsessi boladı [2].

Solardı esapqa alg'an h'alda jan'a ma'limleme – kommunikatsiya h'a'm pedagogikalıq texnologiyalarda elektron sabaqlıqlar, multimediyalıq qurallardı ken'nen en'giziw arqalı ma'mleketemiz mekteplerinde, ka'sip-o'ner kolledjlerinde, litsey h'a'm joqarı oqıw orınlarında oqıtıwdın' sapasın tu'p-tiykarınan jaqsılaw, bilimlendiriw mekteplerin, oqıw laboratoriyalıq bazasın zamanago'y tu'rdegi oqıw orınlarına aylandırıw.

**Jumıstın' maqseti:**

«Okisleniw h'a'm qa'lpine keliw» tu'siniklerinde a'meliy ko'nlikpelerdi qa'liplestiriwde tiyisli bazı bir qag'ıydalarda teren'irek talqın etiwge h'a'reket qılıng'an. Bunda tiykarınan ta'biyatta h'a'm texnikada okisleniw h'a'm qa'lpine keliw protsesslerdin' a'h'miyeti, okislendirgishler, qa'lpine keldirgishler,valentlik,okisleniwda'reje,reaktsiya tezligine waqıt, temperatura, reagentlerdin' kontsentratsiyası, zattın' agregat jag'dayı, katalizatorlardın' ayırım protsessler texnologiyasına baylanıslıg'ı, ondag'ı optimal variantlardı tan'lawdı u'yreniwde bilimnin' izbe-iz toplanıwı ko'nlikpenin' qa'liplesiwi h'a'm keyinen ulıwmalasıwı, yag'nıy jekkeden ulıwmalıqqa o'tiwi da'stu'riy usıllar maqset etip qoyılg'an. Bul jerde kombinatsion sabaq metodı qollanıladı.

Metodikalıq, oqıwlıq, ilimiy a'debiyatlardı analizlew tiykarında oqıwshılarda u'yrenilip atırg'an temalar boyınsha tu'siniklerdi qa'liplestiriwde – sistemalıq , da'stu'riy jantasıw , izzertleniw iskerligi boyınsha jantasıw, qolda bar normativlerdi anıqlap, u'yrenip shıg'ıw, ayırım jerlerin jan'alaw h'a'm kerek emesliginen bas tartıw tiyis ekenligin ko'rsetiw. Bu'gingi ku'ni oqıwshılardı oqıwda a'meliy jumıslardı isletiw, o'z-betinshe jumıslardı engiziw h'a'm bulardı ta'rbiyag'a muwapıqlastırıw ta'jriybeleri ken' jayılmaqta.

Sonlıqtan menin' pitiriw jumısımdag'ı joqarıdag'ı bag'dar boyınsha a'meliy ko'nlikpelerdi oqıwshılarda qa'liplestiriw problemalarına qaratılg'an bolıp, jas mug'allim turmısındag'ı birden-bir do'retiwshilik bag'dar bolıp, jan'ashıl mug'allimler ta'jriybesine u'les qosadı degen u'mittemiz.

**Jumıstın' ko'lemi h'a'm du'zilisi.**

Usınılıp atırg'an pitkeriw qa'nigelik jumıs ko'lemi 48 bet bolıp, kirisiw, 4 baptan ibarat bolg'an tiykarg'ı bo'lim, juwmaqlaw, paydalanılg'an a'debiyatlar 35 dizimnen ibarat.

## I - bap. Ximiyanı oqıtıw sistemasında «Okisleniw - qa’lpine keliw protsesleri» temasının’ mazmunı h’a’m strukturası.

### I.1. Okisleniw - qa’lpine keliw protseslerin xarakterleytug’ın tiykarg’ı tu’sinikler.

**Okisleniw qa’lpine keliw protsesler.**

Okisleniw-qa’lpine keliw reaktsiyalari ju’da’ ken’ tarqalg’an bolip, teoriyaliq ha’m praktikaliq jag’inan reaktsiyalar arasinda a’hmiyetli rol oynaydi.

Mashina dvigatellerinde, puw qazanlarinda janiw protsesleri, metallardi elektriklik sho’ktiriw, galvanikaliq elementlerde ha’m akkumulyatorlarda baratug’in ximiyaliq protseslerdin’ ha’mmesi okisleniw-qa’lpine keliw reaktsiyalar tiykarinda ju’redi [3].

A’piwayizatlar (temir, xrom, marganets, nikel, kobalt, volfram, mis, gumis, tsink, ku’kirt, xlor, yod h.t.b) sonday-aq qimbat bahali ximiyaliq produktalar (ammiak, silti, sulfitangidridi, nitrate ha’m sulfat kislotalar) din’ aliniw usillari da okisleniw qa’lpine keliw reaktsiyalar tiykarinda alip bariladi.

Okisleniw qa’lpine keliw protsesleri ta’biyattin’ en’ tiykarg’i protseslerinin’ biri. Dem aliw, o’simlikler ta’repinen karbonatangidrida gazinin’ jutiliwi,onin’ ornina taza kislorodti ajiratiwi:

$$6CO_2 + 6H_2O \xrightarrow{\text{hv,xlorofill}} C_6H_{12}O_6 + 6O_2$$

Zatlardin’ almasiw bolg’an biologiyaliq o’zgerisler okisleniw-qa’lpine keliw protseslerge tiykarlang’an.

Uzaq jillar dawaminda adamlar okisleniw-qa’lpine keliw reaktsiyalardan paydalang’ani menen, biraq olardin’ tu’p ma’nisine sol waqitlarda teren’ tu’sinikke iye bolmag’an [4]. Te g’ana XX a’sirdin’ baslarinda okisleniw qaytariw protseslerdin’ electron teoriyasi jaratildi. Sonday teoriyalardin’ du’ziwshileri L.V. Pisorjevskiy, Ya. I. Mixaylenko, A.M.Berkengeym h.t.b.

**Va’lentlik ha’m okisleniw da’rejesi**.

1852 jıl Angliyalı ilimpaz Frankland metallorganikalıq birikpelerdi izertlewler na’tiyjesinde elementlerdin’ «atomlıg’ı» (valentligi) degen tu’sinikti pa’nge kirgizedi. Bunda valentlik dep berilgen element atomının’ neshe atom vodorod penen birige alıw sanın ko’rsetedi.

Va’lentlik so’zi latinsha so’z bolip-valentia-ku’sh, yag’niy bir element atomi basqa elementinin’ neshe atomin birigip aliwg’a ku’shi jetedi degendi an’latadi. Misali: $CO_2$- C-va’lentligi=4: $SO_3$- S=6: KCI- K=1: $PCL_5$- P=5; Da’wir sistemasi boyinsha va’lentlik 1-8 ge deyin boliwi mu’mkin. Elementlerdin’ joqari va’lentligi sol elementtin’ neshinshi gruppada jaylasqani menen baylanisli boladi [5].

*Okisleniw da’rejesi atomnin’ molekuladagi sha’rtli zaryadi bolip,ol molekulada tek g’ana ionlardan payda bolg’an ma’ni tiykarinda esaplanip tabiladi.*

*Ekinshi aniqlama okisleniw da’reje – bul zat molekulasi tek g’ana ionlardan du’zilgen dep,elementlerdin’ elektrova’lentligi delinedi.*

Okisleniw da’reje valentlikten pariq etiledi,teris,on’ nol belgilerge iye boladi.Misali:Na Cl bul jerde oqiwshilarg’a to’mendegishe qag’iydalar beriliwi sha’rt.

1) I gruppa bas gruppa – siltili metallar, o’lshem da’reje +1

2) II gruppa – jer metallarda +2

3) A’piwayi elementlerde = “0” $H_2$, $F_2$, $Cl_2$; sebebe bularda baylanis electron jiljimag’an boladi.

4) Kislorod atomi ko’pshilik birikpelerde okisleniw da’rejesin,-2: tek g’ana $OF_2$== +2: $Me_2O_2$= -1 ten’ boladi.

5) Galogenlerdin’ normal duzlarda okisleniw da’rejeleri =-1; usig’an baylanisli quramali birikpeler ushin okisleniw da’reje tabiwg’a boladi. Misali mina birikpelerde okisleniw da’rejelerin tabıwdan ibarat boladı;

a)$KMnO_4$, b)$H_2SO_4$ , s)$H_3PO_4$ d) $HNO_3$ g) $KCr_2O_7$

6) Kompleks birikpelerde orayliq atomnin' okisleniw da'rejesi ko'rsetiledi.

$K_3$ [Fe (CN) $_6$]

Organik birikpelerde metan $CH_4$, metal spirit $CH_3OH$; formaldegid $CH_2O$; qumirisqa kislotasinda HCOOH okisleniw da'rejesi; =-4; -2; 0; =2 biraq C va'lentligi ha'mme waqit 4 ke ten'.

**Elementlerdin' va'lentligi ha'm elektronliq konfiguratsiyasi.**

Kovalentli baylanıstın' toyınshan'lıg'ı ximiyalıq o'z-ara ta'sirlesiwde tek g'ana sırtqı energetik bag'analarda elektronlardın' qatnasıwına tiykarlang'an.

Mısalı:




Atomlardın' elektron bultları fazada ma'lim bir bag'ıtqa iye boladı. Elektron bultlarının' biri birin qaplaw zonası ta'sirlesiwshi atomlarg'a salıstırg'anda ma'lim bir bag'ıtqa iye boladı. Sol sebepli kovalentli baylanıs bag'ıtqa iye boladı.

**Elementlerdin' elektr terisliligi**

Ximiyalık element atomları arasındagı baylanıs elektrostatikalıq xarakterge iye boladı h'a'm baylanısıwshı atomlardın' on' zaryadına az yamasa ko'p da'rejede tartılıp turg'an sırtqı elektronlardın' ta'sirlesiwi na'tiyjesinde payda boladı [6].

- Ximiyalıq baylanıs tu'ri h'a'm qa'siyetleri onın' payda bolıwında qatnasıp atırg'an elementlerdin' *elektr terisliligi* menen anıqlanadı.

Ha'r qıylı atomlar arasındag'ı ximiyalıq baylanıslardın' o'zgeshelikleri h'a'm kurılısı h'aqkında ko'z qaraslar ximiyalıq birikpelerdin' qalay du'zilgenligin h'a'm olar qanday qa'siyetlerdi ko'rsetetug'ınlıg'ın biliw ushın kerek.

• Elektp terislilik ( $\chi$ ) – atomlardın’ sırtqı elektronlardı uslap turıw uqıplılıg’ı. $\chi$- usı elektronlardın’ on’ zaryadlang’an yadrog’a tartılıp turıw da’rejesi menen anıqlanadı.

Ximiyalıq baylanıstag’ı bul qa’siyet elektronlardın’ elektr terisligi u’lken atom ta’repine awısıwında ko’rinedi [7].

*Ximiyalıq baylanıs du’ziwge qatınasıp atırg’an atomlardın’ elektr terisligi - tek g’ana bul baylanıstın’ tu’rin g’ana emes, al qa’siyetlerin de anıqlaytug’ın baslı faktorlardın’ biri bolıp tabıladı h’a’m sonın’ menen birgelikte ximiyalıq reaktsiyalardın’ o’tiwinde atomlar arasındag’ı o’z-ara ta’sirlesiwge de o’z ta’sirin ko’rsetedi.*

Elektron jupları ja’rdeminde payda bolatug’ın baylanıs kovalent baylanıs dep ataladı [8].




Bir qıylı atomlar arasında payda bolatug’ın h’a’m elektron jupları eki atom ushın da bir qıylı aralıqta jaylasqan bolsa, polyarlı emes kovalentli baylanıs payda boladı. Mısalı: $H_2{}^0$, $CI_2{}^0$, $O_2{}^0$, $F_2{}^0$, $J_2{}^0$, $O_3{}^0$, $N_2{}^0$ Bular elekroneytral birikpeler. Mısal: Elektr terisligi birdey bolg’an atomlar arasında payda boladı:




**Okislendirgish ha’m qa’lpine keltirgishler.**

**Okislendirgishler:**

**A) Neytral atomlar.** Sirtqi electron qabatinda 4, 5, 6, 7 elektron bolg’an element atomlari [9].

$$E + ne \rightarrow E^{n-}$$

Metall emeslerdin' elektronlarda biriktirip teris elektrlikke iye boliw aktivligin to'mendegi bag'itta kemeytip baradi. F, O; Cl; N; Br; S; Y; At; Se; P; Fe; H; C; As; Si; B. (Bul qatar ET kemeyip bariw qatari). Demek- VIII; VI; V; IV gruppalardin' bas podgruppasinda okislendirgish aktivligi atomlar radiuslarinin' o'siwi menen joqaridan to'men qaray pa'seyip baradi.

**B) On' zaryadli metallardin' ionlari** – ha'mme on' zaryadqa iye metallardin' ionlari ha'r qiyli okisleniw da'rejelerge iye boladi. En' ku'shli okislendirgishler qatarina on' zaryadli maksimal bolg'an ionlar kiredi. Misali:

Sn ( +2) ; Fe ( +3) ; Cu ( +2 ) ;

$$4KJ + 2Cu\ Cl_2 \rightarrow J_2 + 2Cu\ J_2 + 4KCl$$

**V) Metall emesler atomlarinin' joqari okisleniw da'rejege iye bolg'an on' zaryadli ionlari ha'm molekulalari.** Joqari okisleniw ya'ki bazi bir pa's okisleniw da'rejege iye bolg'an metall emesler ha'm kushli okislendirgish qa'siyetke iye boladi. A'ne sonday okislendirgishlerge, Misali kislorod tutqan kislota qaldiqlari, olardin':oksidlerin duzlarin $HNO_3$ konst. $H_2SO_4$ ; $SO_3$; $HClO_3$; NaClO; gruppada okislendirgishlerdin' aktivligi (VII gruppa misalinda) to'mendegishe o'zgeredi. HCl > HBr > HJ misal retinde beriwge boladi.

## Qa'lpine keltirgishler:

A. **Neytral atomlar- metallarda ha'mme s elementler;** (H, He basqasi); d; Fs elementler ha'm on' p-elementler kiredi. Ximiyaliq reaktsiyalarda metallar to'mendegi sxema boyinsha elektronlarda berip, on' zaryadli iong'a aylanadi.

$$Me^0 - ne \rightarrow Me^{(+n)}$$

Da'wir sistemasinda gruppalardin' bas podgruppasinda joqaridan to'men qa'lpine keltirgish qa'siyetleri artip baradi [ 10].

B. **Metall emeslerdin' on' zaryadli ionlari.** Metall emeslerdin' neytral atomlari bir yamasa bir neshe elektronlardi biriktirip alip, to'mendegi sxema tiykarinda o'tedi. O'zinin' on' zaryadinda ionlardi payda etedi

$$E + ne \rightarrow E \qquad 1)\ S + 2e \rightarrow S \qquad 2) J + e \rightarrow J$$

Bunday ionlardin' okislendirgish qa'siyeti kem bolsa, onda qa'lpine keltirgish qa'siyetleri artadi.Qa'lpine keltirgish rolin to'mendegi teris zaryadli ionlar:

($S^{-2}$ ; $Se^{-2}$ ; $Te^{-2}$ ; $J^{-1}$; $Br^{-1}$ ) sonday-aq olardin' birikpelerin :

($H_2 0$: $H_2Se$ ;$H_2Te$; HJ; HBr ) ha'm olardin' duzlari boliwi mu'mkin.

V. **Pa's okisleniw da'rejege iye bolg'an on' zaryadli metal ionlari.** Sirtqi orbitasindag'I bir yamasa eki elektronlarda jog'altqan atomlardan payda boladi.

$$Fe^{+2} - 1e \rightarrow Fe^{+3}$$

## Okisleniw – qa'lpine keliw reaktsiyalari klassifikatsiyasi:

**1. Molekulyar ara** okisleniw qa'lpine keliw reaktsiyalarinda tu'rli molekulalarda atomlar okisleniw da'rejesinin' o'zgeriwi menen baratug'in reaktsiyalar kiredi [11].

$$HNO_3+3J_2 \rightarrow 2HJO_3+10NO_2\uparrow+4H_2O$$

$$HNO_3+Cu \rightarrow Cu(NO_3)_2+2NO_2\uparrow+2H_2O$$

$$2NaOH+Zn \rightarrow Na_2ZnO_2+H_2$$

$$4KMnO_4+5N_2H_4+6H_2SO_4 \rightarrow 5N_2+4MnSO_4+2K_2SO_4+6H_2O$$

$$2KMnO_4+5NaNO_2+3H_2SO_4 \rightarrow 2\ MnSO_4+K_2SO_4+NaNO_3+3H_2O$$

**2. Ishki molekulyar** okisleniw qaytariw reaktsiyalari bir molekuladag'i tu'rli atomlarinin' okisleniw da'rejesi o'zgeiwi menen bolatug'in resktsiyalar.

$$2KMnO_4 \xrightarrow{t} K_2MnO_4+MnO_2+O_2\uparrow$$

$$2KClO_3 \xrightarrow{t} 2KCl+3O_2\uparrow$$

$$4KClO_3 \xrightarrow{t} KCl+3KClO_4$$

$$2KMnO_4+5S_6H_5CH_3+9H_2SO_4 \rightarrow 5S_6H_5COOH+6MnSO_4+3K_2SO_4+14H_2O$$

**3. Disproportsiyalaw reaktsiyasi.** Bul reaktsiyada bir element atominin' okisleniw da'rejesi bir waqittin' o'zinde artadi ha'm kemeyedi.

$$2Cl_2+6KOH \rightarrow 5KCl+KClO_3+3H_2O$$

**4. Sinproportsiyalaw reaktsiyalari.** Bunday protseste molekula quramindag'i tu'rli ma'niske iye okisleniw da'rejesi element okisleniw da'rejesi bir qiyli ma'niskeiye bolg'an birikpege aynaladi [12].

$3H_2SO_4+5KBr+KBrO_3=3Br_2+3K_2SO_4+3H_2O$

5. Texnikada okisleniw - qa'lpine keliwreaktsiyalar tiykarında bir qıylı birikpelerden katalizatorlarg'a, ortalıqqa baylanıslı h'a'r qıylı o'nimlerdin' alınıwın itibarg'a alsa boladı. Katalizatorlar ayırım wakıtları spetsifikalık yamasa saylandı tu'rde reaktsiyag'a ta'sir etedi Etil spirtinin' degidratatsiyasın mıs yamasa nikel katalizatorları katnasında trubkadan o'tkersek sirke aldegidi payda boladı.

$$C_2H_5OH \rightarrow CH_3CHO+H_2O$$

$$3KClO \xrightarrow{t} 2KCl+KClO_3$$

$$2KClO \xrightarrow{t} 2KCl+O_2\uparrow$$

$$2KMnO_4+5H_2O_2+3H_2SO_4=5O_2\uparrow+K_2SO_4+2MnSO_4+8H_2O$$

$$KMnO_4+FeSO_4+KOH \rightarrow Fe(OH)_3\downarrow+K_2MnO_4+K_2SO_4$$

$$2KMnO_4+10FeSO_4+8H_2SO_4 \rightarrow 5Fe_2(SO_4)_3+2MnSO_4+K_2SO_4+8H_2O$$

$$2KMnO_4+Cr_2(SO_4)_3+8KOH \rightarrow 2K_2CrO_4+2MnO_2+3K_2SO_4+4H_2O$$

$$2KMnO_4+3S_2H_4+4H_2O \rightarrow 3S_2H_4(OH)_2+2MnO_2\downarrow+2KOH$$

$$2KMnO_4+3Na_2SO_3+H_2O \rightarrow 3Na_2SO_4+2MnO_2\downarrow+2KOH$$

## Elektroliz. Elektroliz nızamları.

Turaqlı tok ta'sirinde o'tetug'ın okisleniw h'a'm qa'lpine keliwreaktsiyaları elektroliz delinedi.

Bul kubılıstı rus ilimpazları Petrov, Reyssler h'a'm 1803 jılı Faradeyler ashkan. Elektrolizlerdin' nızamların Faradey islep shıg'ıp onın' atı menen Faradey nızamı dep ataladı [13,14]. Bul nızam boyınsha:

1. Elektroliz waktında anodta h'a'm katodta bo'linip shıg'atug'ın zattın' mug'darı elektr togının' mug'darına tuwrı proportsional.

2. Elektrolitlerden tarkalıp shıg'atug'ın zattın' mug'darı birdey mug'dardag'ı tok na'tiyjesinde olardın' ximiyalık ekvivalentine proportsional boladı. Mısalı:

elektroliz waktında elektrolit arkalı birdey mug'dardag'ı tok o'tkende katodta eki valentli mıs duzınan, bir valentli mıs duzına karag'anda eki ese kem metall bo'linip shıg'adı (+2) g ekv.

64: 2=32gr, Cu+1-g/ekv:64:1=64gr

Faradey nızamın elektron teoriyası ko'z-karasınan jen'il tu'sindiriwge boladı. Mıs: Al eritpelerinin' elektrolizin alayık. Bul eritpede bir valentli ion esabında vodorod ionları bar. Bul ion erkin vodorod atomına aylanıw ushın bir elektron kosıp alıwı kerek. Al xlor ionları elektroneytral xlor atomına o'tiwi ushın 1 -elektron jog'altıw kerek. Solay etip vodorod katodının' elektr togı esabınan 1-elektron alıp qa'lpine kelip erkin atomg'a aynaladı, al xlor anodka bir elektron berip okislenip erkin atomg'a aynaladı.

Qa'legen elementtin' gramm atomı $6{,}02 * 10^{23}$ atom uslaydı (Avagadro sanı). Da'rejedegi atomdı qa'lpine keltiriw ushın katodta $6{,}02 * 10^{23}$ elektronlardı vodorod ionı alıwı kerek. Bul elektronlardın' mug'darı Faradey dep ataladı h'a'm F- h'a'ribi menen belgilenedi. Faradey zaryadı Kulonlarda o'lshenip, ol F=96500 kulon. Solay etip 1 Faradey elektr togı eritpe arkalı o'tkende elektron-larda 1g atom vodorod h'a'm atom xlor bo'linip shıg'adı.

Endi eki, u'sh valentli metallar duzlarınan elektr togı o'tkende, h'a'r bir metall ionı valentligine, yaki zaryadına baylanıslı eki u'sh elektron kabıl etedi. Mısalı: $MgCl_2$ h'a'm $AlCl_3$ duzları eritpelerinen 1 Faradey elektr togın o'tkergende NaCl menen salıstırg'anda Na metallının' 1g/ atomı qa'lpine kelse, magniydin' 1/2 g/atomı, al alyumiyniydin' 1/3g/atomı qa'lpine keledi, sebebi magniy ionının' h'a'r birewine 2 elektron, al alyumiyniy ionının' h'a'r birewine 3-elektron kerek boladı. Baskasha aytkanda Faradey elektr togı 1g/ekv metalldı qa'lpine keltiredi.

Faradey nızamı elektroliz waqtında bo'lingen zattın' awırlıq mug'drın anıklaytug'an ten'leme.

$$m = E * I * t / 96500$$

m elektroliz waqtında bo'lingen zattın' awırlıq mug'darı.

E = zattın’ ximiyalıq ekvivalenti   E = A/ V

I  = tok ku’shi. t  = waqıt ( sek)   I∗t  = 1 Kl.

## I.2. Okisleniw - qa’lpine keliw protseslerin o’tiw algoritmi.



Bul algoritmdi iske asiriw protsesinde oqiwshilarda mazmundi an'law, birgelikte oqiw, avtorg'a soraw biliminen (bilgim keledi), bildim degen toparlardi payda etiw, jan-jaqlama disskusiyalar, roli "sin tartis" toparlarda payda etedi .

### 1.3. O'kisleniw - qa'lpine keliw protsesslerdin' texnikada roli.

**Elektrodlı protsessler. Galvanikalık elementler.** Elektrodlı protsesslerge eki gruppa protsessleri kirip, olar bir-biri menen ju'da' tıg'ız baylanıskan. Birinshiden ximiyalık reaktsiyalar na'tiyjesinde elektrodlarda potentsiallar ayırması payda bolıwı, yag'nıy elektr tog'i payda bolıwı ekinshiden bug'an karama-karsı protsess ximiyalık reaktsiyalar na'tiyjesinde elektroliz kubılısınan kelip shıg'ıwı yag'nıy elektr togi bir tu'rdegi elektr o'tkizgishten ekinshi tu'rdegi elektr o'tkizgish arkalı o'tiwi [15,16].

Bul eki gruppa protsessleri ko'pshilik wakıtta o'z-ara kaytımlı protsess bolıp, bug'an korg'asındı akkumulyator mısal bola aladı.

**Akkumulyatorlar.** Elektr energiyası akkumulyatorı degenimiz, qa'legen wakıtta paydalanıw mu'mkinshiligine iye bolg'an energiya zapasın keltirip shıg'aratug'ın (payda etetug'ın) kurılıska aytıladı. Bunın' ushın qa'legen kaytımlı galvanikalık dizbek paydalanıw mu'mkin. Elektroliz o'tkerip elektr energiyasın elektroliz produktaları ja'rdeminde ximiyalık energiyag'a aynaldırıwg'a h'a'm usı dizbekti keri maksette paydalanıwg'a boladı.

Onı zaryadlag'anda sırtkı elektr togi ko'zi arkalı ximiyalık reaktsiya bolıp o'tedi h'a'm onı tek ko'zi retinde paydalang'anda payda bolıp atırg'an ximiyalık reaktsiya keri ta'repke ju'rip potentsiallar ayırmasın keltirip shıg'aradı.

1800 jılı Volta eki metalldın' birikken shegarasında potentsiallar ayırması payda bolatug'ınlıg'ın anıkladı h'a'm bul kontaktlı potentsiallar ayırması dep ataladı.

Ko'p wakıtlarg'a deyin potentsiallardın' kontakt ayırması ju'da' to'men dep esaplanıp, a'h'miyet berilmey kelindi. Al h'akıykatında bul bir neshshe voltka

jetedi. Eki metalldın’ potentsiallar ayırması olardın’ elektrondı ajıratıp shıg’arıw ukıbına baylanıslı boladı, ol h’a’r kıylı metallar ushın h’a’r kıylı boladı. Mıs:

| | |
|---|---|
| Na - 2,33v | Zn - 4,25v |
| Mg - 3,69 | Ci - 1,29 |
| Pb - 4,15 | Ag - 4,73 |
| Al - 4,25 | Pb - 6,30 |

Mexanikalık jumıstı elektr energiyasına aynaldıratug’ın dinamomashinalar oylap shıg’arılg’ang’a deyin elektr togin alatug’ın en’ a’h’miyetli tok ko’zi bolıp ximiyalık reaktsiyalar ja’rdeminde tok alıw ko’zleri esaplanadı. Həzirgi wakıtları bul ximiyalık jol menen tek alıw galvanikalık elementlerde kollanıladı. Bul protsessler elektroximiyalık en’ a’h’miyetli tarawı bolıp esaplanadı.

Galvanik elementlerde elektr ju’ritiwshi ku’sh eki usıl menen; 1)elementde baratug’ın ximiyalıq reaktsiyada Nernst tenglemesi tiykarında 2)elektrod potentsiallari tenlemelerin paydalang’an h’alda.

Elektrod potentsial ten’lemesi

$$\pi_{O,R} = \pi^{0}_{O,R} + \frac{RT}{zF}\ln\frac{a_0}{a_R}$$

Bul jerde $a_0$ h’a’m $a_R$ - zatlardın’ okislengen h’a’m qaytarilg’an tu’rdegi aktivligi.

Galvanikalık elementlerde, elektrolizde elektrodlık protsessler atomnın’ (ionnın’) atomlar gruppasının’ zaryadının’ o’zgeriwine baylanıslı bolıp, bul okisleniw - qa’lpine keliw reaktsiyaları bolıp esaplanadı. Qurg’aq element qalta fonarigi, magnitofonlarda, radiopriemniklerde h’a’m basqada turmısımızda ken’nen qollanıp ju’rgen buyımlarımızdı tok penen ta’miyinleyda.




Elektrodlar elektr tog’ın o’tkeriwshi material

(mis, tsink sımları ) menen tutastırılsa h'a'm bul sımda elektr togi bar ekenligin anıqlaytug'ın a'spap (galvanometr) tu'tastırılsa elektr togı o'tip atırg'anlıg'ın ko'rsetedi.

$$Cu^{2+} + 2e \rightarrow Cu$$

$$Zn \rightarrow Zn^{2+} + 2e$$

$$Cu^{2+} + Zn \leftrightarrow Zn^{2+} + Cu$$

Ulıwma: $CuS0_4 + Zn \leftrightarrow Cu + ZnSO_4$

**Texnikada qollanılatug'an a'h'miyetli okislendirgishler.**

**Kislorod ($O_2$ )** metallurgiya ha'm ximiya sanaatinda (domna pechlerinde), shiyki zatlarda qayta islewde qollaniladi, kislorod penen $C_2H_2$ janiw reaktsiyada 3500 C issiliq beriw qa'biletin metallardi qirqiwda qayta islewde qollaniladi. Dem aliwda hawanin' sostavindag'I kislorodtin' 40-60 % sarip etiledi.

**Ozon ( $O_3$)** Ozon kislorodqa qarag'anda ku'shlirek okislendirgish, ju'da' ko'p ren'li birikpelerdi ren'sizlendiredi. Bakteriyalarda o'ltiriwge paydalanadi. Sonliqtan ozondu suwdi ha'm hawani dezinfektsiya islewde qollaniladi. Bunnan basga Kaliy permanganate ($KMnO_4$) , Xromat ha'm bixromat kislotalar, Nitrat kislota, Vodorod peroksidi , Elektr togi.Misaji :

**Patsha arag'i- 1:3 qatnasta kontsentrlengen nitrat ha'm xlorid kislota.**

$$Au + HNO_3 + 3HCL \rightarrow AuCl_3 + NO + 2H_2O$$

**Texnikada qollanılatug'an a'h'miyetli qa'lpine keltirgishler**.

**1.Uglerod.**Metallardin' oksidlerin qa'lpine keltirip, taza metal ajiratip aliwda a'hmiyetke iye ha'm ken' qollaniladi.

$$C + CuO \rightarrow Cu + CO$$

$$C + ZnO \rightarrow Zn + CO$$

$$C + H_2O \rightarrow CO + H_2$$

**2. Temir, tsink, alyuminiy ha'm qalayi** organikaliq birikpeler islep shig'ariw sanaatinda nitrobirikpelerdi qaytariwshi zatlar sipatinda isletiledi.

**3. Sulfat kislota.** Organikaliq emes birikpelerdi erkin halda ajiratip aliwda, sonday-aq organikaliq birikpelerdi ha'm xinonlarda qaytariwg'a qollaniladi. Natriy telosulfat- toqimashiliq sanaatinda talshiqlardi boyaw ushin qollaniladi.

**4.Vodorod.** O'zbekistanda Chirchiq qalasindag'i otqa shidamli ha'm otti metallarda islep shig'ariw kombinatinda molibden ha'm volfram oksidlerin vodorod pechlerinde qaytariw tiykarg'I protses bolip esaplanadi (vodorodotermika ).

**5. Elektr toki:** Texnikada zatlarda taza halinda ajiratip aliwda qa'lpine keltirgish ( katod ) ha'm okislendirgish ( anod ) waziypasin atqaradi. En' taza zat okisleniw- qa'lpine keliw reaktsiyada , elektroliz joli menen alinadi [17].

## II bap. A’meliy ko’nlikpelerdi qa’liplestiriwde psixologiya – pedagogika metodların paydalanıw.

### II.1 Oqıtıwdın’ psixologik h’a’m pedagogik tiykarları

«Pedtexnologiya bilim beriw h’a’m o’zlestiriw metodların jaratıw, qollaw, olarda birden - bir sistemag’a keltiriw jolı menen insan h’a’m texnikalıq qurallardın’ barlıq imkaniyatlarınan barınsha paydalanıp, bilimlerdi o’zlestiriwdin’ en’ maqul protsessi» dep berilgen [18].

Pedagogikalıq texnologiya, oqıtıw texnologiyası, pedagogikalıq texnika tu’sinikleri - aralıqtan oqıtıw, EVM «kompyuter», «internet», «elektron sabaqlıq», «elektron kitapxana» sıyaqlı jan’a tu’sinikler menen tıg’ız baylanısta boldı [19].

Pedagogika texnologiyasında qollanılatug’ın bir qansha oqıtıw metodları [20,21]. Bul metodlardın’ tiykarında to’mendegishe wazıypalar berilgen:

1. Ta’limnin’ maqseti.
2. Anıqlang’an maqset (oqıw wazıypaların islep shıg’arıw).
3. Ta’limnin’ maqsetlerin baqalaw (test) tapsırmalardı aydınlastırıw.
4. Qoyılg’an maksetke erisiw ushın belgilengen usıllar.
5. Ta’lim maqsetlerine eriskenligin bah’alaw.

**Metodlar to’mendegi oqıw protsesslerine tiykarlang’an:**

**Oqıtıw metodı.** ***(M.J.Maxmutov)***

| Sabaq beriw metodı | U’yreniw metodı |
|---|---|
| Axborat beriw – bayan etiw, tu’sindiriw, ko’rsetpe beriw, a’meliy tu’sindiriw, isendiriw. | Reproduktiv. Produktiv – a’meliy |

**Oqıtıw metodları.** ***(L.Klinberg)***

| Monologik metod | Birge islesiw usılları | Dialog metodı |
|---|---|---|
| Lektsiya, waqıyanı analizlew | İndividual topar, frontal kollektiv | Gu’rrin’lesiw |

**Oqıw – biliw iskerligin payda etiw**

**h’a’m a’melge asırıw metodları.**

***(Askad.Yu.Babanskiy)***

| Bayan etiw, ko’rgizbe qural, a’meliy | İnduktiv h’a’m deduktiv | Reproduktiv h’a’m problema | Oqıtıwshı basshılı-g’ında o’z betinshe jumıs metodları |
|---|---|---|---|
| Kelip shıqan derekler | Problemalardı qoyıw | Ha’r ta’reple izleniw | Basqarıw |

**Oqıw biliw iskerliginin’ motivatsiyası**

**h’a’m stimullaw metodları.**

| U’yreniwge kızıg’ıwshılıq oyatıw | Awızsha bah’alaw h’a’m o’zin o’zi bah’alawg’a umtıldırıw |
|---|---|
| Oqıtıwshı | Oqıtıwshı |

Oqıtıw metodı «oqıtıwdın’ maqseti, mazmunı, usılları» - diziminde tiykarg’ı orın iyeleydi.

Oqıtıw protsessinin’ tiykarı - **«oqıtıwdın’ maqseti, mazmunı, usılları»** bolıp, bir-biri menen tu’tas u’sh ma’jburiy elementlerden turıwı kerek - **oqıw da’stu’ri, oqıtıw h’a’m bilim alıw.** Oqıw da’stu’ri – programmalardın’, oqıwlıqlardın’, laboratoriyalıq sabaqlar ma’seleler ushın kitaplar menen ta’miyinleniwi tiykar boladı. Oqıtıwshının’ en’ a’h’miyetli wazıypalarınan biri oqıwshılardı oqıtıw, ta’rbiyalaw h’a’m rawajlanıwın ta’miynleytug’ın optimal tan’lawdan ibarat. Oqıtıw protsessinde sıpatın asırıw usılın, oqıwshılardın’ pa’nge

balg'an qızıg'ıwshılıg'ın arttırıw kerek. Bul metodqa erisiw ushın oqıwshılardın' iskerligin arttırıw o'z betinshe jumıslar menen asırıw kerek [22].




## II.2.Problemalıq lektsiyanın' okisleniw - qa'lpine keliw tu'siniklerin qa'liplestiriwdegi ornı

Lektsiya sabag'ın o'tiwde, aldınnan belgilenip atırg'an tema boyınsha lektsiyanın' planı, oqıtıwshının' wazıypaları, oqıw metodları, oqıtıw formaları, texnologiyası, monitoring h'a'm bah'alaw tu'rleri islenip shıg'ıladı. Bunda mısalı, okisleniw -qa'lpine keliw protsesslerdi u'yrenilgende oqıwshılarda sistemalıq ximiyalıq oy-pikirlerin rawajlandırıw. Bul temalardı o'tkende xa'zirgi zaman tendentsiyalardı o'z ishine almaytug'ın materiallardı alıp taslaw. Temanı o'zlestiriw ushın pedtexnologiya usılları bolg'an analogiya, analiz, sintez, izleniwler, problemalıq oqıtıw usılların paydalanıw, oqıwshılardı erkin, logikalıq pikirlewge ken' itibar beriledi [23].

Lektsiya planında ko'rsetilgen h'a'r bir sorawlar boyınsha mag'lıwmatlar beriledi h'a'm oqıwshı ta'repinen jazılıp alınadı. Bunda paydalanatug'ın a'debiyatlar dizimi beriledi.

Lektsiyalar h'a'r bir oqıtıwshı ta'repinen tayarlanadı. Birinshi bo'limde berilgen oqıw algoritmi boyınsha lektsiyalar tayarlansa boladı, informatsion texnologiyalar usılları qollanıladı.

Jumısta qoyılg'an maqsetimizge muwapıq bilimnin' izbe - iz toplanıwı, ko'nlikpenin' qa'liplesiwi, h'a'm keyinen ulıwmalasıwı, yag'nıy jekkelikten ulıwmalıqqa o'tiwi da'stu'riy usıllar menen baylanıslı boladı.

Demek, bul jerde kombinatsion sabaq metodı qollanıladı. Qa'de boyınsha bular lektsiya sabaqlıg'ı, bunda temag'a berilgen materialdın' tiykarg'ı tu'sinikleri ashıp beriledi, onnan keyin bilimdi h'a'm a'meliy ko'nlikpeni jetilistiriw sabag'ı o'tiledi [24].

## Auditoriya sabag'ındag'ı texnologik karta.

## Tema: «Okisleniw h'a'm qa'lpine keliw protsesslerdi xarakterleytug'ın tiykarg'ı shamalar»

## Sabaqlıqtın' tu'ri:Lektsiya.

| Oqıw waqıtı 6 saat | |
|---|---|
| Lektsiyanın' planı | 1.Valentlik h'a'm okisleniw da'reje<br>2. Okislendirgishler h'a'm qa'lpine keltirgishler<br>3.İonlı - elektronlı usıl.<br>4. Okisleniw- qa'lpine keliw reaktsiyalarının' o'tiw jag'dayları.<br>5.Kislotalıq ortalıq<br>6. Neytral ortalıq .<br>7. Siltilik ortalıq.<br>8.Redoks-potentsial lar - zatlardın' okisleniw h'a'm qa'lpine keliw o'lshemi.<br>9. Galvanik elementlerde, akkumulyatorlarda ximiyalıq reaktsiyalar jo'nelisinin' o'zgeriw nızamlıg'ın tu'sindiriw. |
| Oqıtıwshının' wazıypaları | Oqıtıw iskerliginin' na'tiyjeleri |
| 1. Temanın' maqsetin, wazıypasın ashıp beriw<br>2. Sabaqtın' temasına qızıg'ıwshılıqtı ta'miynlew.<br>3.Analitikalıq oylawdı rawajlandırıw | 1.Protsesske tiykarlana anıqlama beredi, formulaların jazadı xa'm ten'eydi.<br>2.Okislendirgishlerge, qa'lpine keltirgishlerge mısallar keltiredi.<br>3.Reaktsiyanın' ortalıg'ına baylanıslı o'nimlerdin' o'zgeriwi, 4.Texnikada okisleniw h'a'm qa'lpine keliw protsessler a'h'miyeti. |
| Oqıtıw metodları | Lektsiya, oqıw, tu'sindiriw h'a'r ta'repleme bayanat qılıw |
| Oqıtıw formaları | Auditoriyada frontal jumıs |
| Oqıtıw texnologiyası | Lektsiya tekstleri, konspekt, videoproektor |
| Monitoring h'a'm bah'alaw | Esaplar. Testler tarqatıw |

## Lektsiyanın' texnologik kartası

| Jumıstın' mazmunı h'a'm etapı | İskerlik | |
|---|---|---|
| | **Oqıtıwshı** | **Student** |
| **1-Etap sabaqqa kirisiw (10 min)** | 1.Sholkemlestiriw<br>1.1. Kurstın' maqseti, wazıypası menen tanısıw<br>1.2. Temanın' atı, maqseti, temanın' jobası, oqıwshılarg'a tayanısh konspekt tarqatıladı | Tın'laydı jazıp aladı |
| **2-Etap bilimlerdi aktivlestiriw (60 min)** | 2.Oqıwshılardı aktivlestiriw ushın sorawlar beriledi<br>2.1. Pa'nnin' maqseti, wazıypalar menen tanıstırıw (2qosımsha).<br>2.2.Lektsiyanı tu'sindiriw (3qosımsha)<br>2.3.Jeke jumıs h'aqqında tu'sindiredi.<br>2.4.Lektsiyanın' qalg'an bo'limin tu'sindiriw<br>2.5.Oqıwshıg'a dnevnik u'stinde islewdi u'yretiw<br>2.6. İslengen lektsiya boyınsha oqıwshılarg'a soraw beriw.<br>2.7.Berilgen sorawlarg'a juwap<br>2.8. Juwmaq shıg'arıw | 2.Sorawg'a juwap beredi<br>2.1. Esitedi jazıp aladı<br>2.2.Esitedi jazıp aladı<br>2.3. Esitedi jazıp aladı<br>2.4.Dnevnik penen jumıs isleydi<br>2.5.Esitedi jazıp alıdı<br>2.6.Juwmaqlardı shıg'aradı<br>2.7.Esitedi |
| **3-Etap juwmaqlawshı (10 min)** | 3. Juwmaq shıg'arıw. Aktiv oqıwshılardı belgilew.<br>3.1. O'z betinshe islewge tapsırma beredi. | 3.Esitedi jazıp aladı<br>3.1. Esitedi jazıp aladı |

Окислениу калпине келиу процесс тийкаргы шамалар



## II.3. Oqıwshılardı aktivlendiriwde seminar, diskussion formadag'ı sabaqlıqlardın' ornı.

**Seminar sabag'ına mısal :**

Bunday sabaqtı sho'lkemlestiriwde texnologiya karta du'zip alınıwı za'ru'r. Seminar sabag'ında oqıtıwdın' «Nilufar gu'li» atamadag'ı texnologiyalar sxemaları – problemalardı sheshiw sxemaları bolıp, oqıwshıg'a bir qansha mu'mkinshiliklerdi beredi [25].

1. Oqıw materialın bekkem o'zlestiriw.
2. Analitikalıq oylawdı rawajlandırıw.
3. Qatnas qa'biletin qa'liplestiriw.
4. Oqıw toparında qolaylı psixologiyalıq mikroklimat du'ziw.

Auditoriyadag'ı oqıwshılar 2-3 toparlarg'a bo'liniwi kerek.

**«Nilufar guli»** sxeması –problemalardı sheshiw metodı bolıp esaplanadı. Onın' tiykarında bir gu'ldın' 5 gu'l japıraqlarında tema boyınsha tu'siniklerdi ashıp beriwshi rejeler dizimi jaylasadı. Ha'r bir reje boyınsha 5 dana «Nilufar guli» du'zilip, olarda ximiyalıq baylanıslar tu'siniklerin qa'liplestiriwshi tayanısh so'zler jaylasadı. Mazmundı an'law fazası tiykarında bolıp, o'tiw algoritmi menen birgelikte oqıw, ja'n-jaqlama diskussiya, sın tartıs toparı, zigzag, do'n'gelek stol usılları paydalanıladı. «Nilufar guli» sxemasına qosımsha oqıwshılarg'a tarqatpa material retinde **«Mag'lıwmatlar blogi»** tablitsası beriledi. Bul metod bilimdi izbe-iz pikirlewge, ko'nlikpelerdi rawajlandırıwg'a h'a'm oqıwshını aktivlestiriwge imkaniyat jaratadı.

**«Okisleniw h’a’m qa’lpine keliw protsesslerdi xarakterleytug’ın tiykarg’ı shamalar» teması boyınsha texnologik karta**

| | |
|---|---|
| **Tema** | **Okisleniw- qa’lpine keliw reaktsiyalarının’ du’ziw usılları** |
| **O’tiletug’ın waqıt** | 4 saat |
| **Oqıtıw forması** | A’meliy |
